MEMORANDÒM

| | |
|---|---|
| POU: | Prezidan an ak Manm yo<br>Komite Lekòl Boston |
| DE: | Nathan Kuder<br>Ofisye Finansye An Chèf |
| Sijè: | Kontribisyon pou Apwobasyon |
| DAT: | 3 Novanm 2021 |

W ap jwenn nan pyès jwent kontribisyon pou apwobasyon Komite Lekòl la nan dat 3 Novanm 2021. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

**SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA**

**3 Novanm 2021**

| Montan | FY | Non Sibvansyon | Estati | Direktè Finansman | Domèn Konsantrasyon (yo) | Sit |
|---|---|---|---|---|---|---|
| $ 192,337 | 2022 | Ede Pwofesè Chimi yo pou Evalye & Ankouraje Refleksyon sou Pwodwi Chimik | Nouvo | Marianne Dunne | Pwogram ak Ansèyman | Nan Tout Distri a |
| $ 218,261 | 2022 | Sibvansyon pou Restriktirasyon Lekòl - Ellis | Nouvo | Ijeoma Anyanwu | Ranvèsman | David A Ellis Elementary |
| $ 175,000 | 2022 | Fon Pilòt pou Timoun yo | Nouvo | Ali Ettis | Sante ak Byennèt | Nan Tout Distri a |
| $ 66,000 | 2022 | BOKS | Nouvo | Ali Ettis | Sante ak Byennèt | 33 Sit |
| $ 811,632 | 2022 | Sosyete Fòmasyon pou Ofisye Rezèv Jinyò (JROTC) | Nouvo | Yvonne Macrae | Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl | East Boston, Anglè, CASH, Excel, Madison Park, O'Bryant |
| $ 900,000 | 2022 | Sibvansyon Èd Sible | Nouvo | Ijeoma Anyanwu | Ranvèsman | |
| **$3,083,230** | | **Total** | | | | |

**FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22522**

Non Sibvansyon: Ede Pwofesè Chimi yo pou Evalye ak Ankouraje Refleksyon sou Chimi
Estati: Ogmante

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 9/1/2016 – 8/31/2022

Sous Finansman: Federal (National Science Foundation) avèk UMass Boston)
Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: Non Kontak la: Robert Ochsendorf Responsab Pwogram nan
Adrès NSF: 4201 Wilson Boulevard, Arlington, VA 22230
Telefòn: 703-292-5183. Imèl: rochsendorf@nsf.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Syans BPS.

Jesyonè Fon BPS: Marianne Dunne, Kowòdonatè Prensipal Pwojè a

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Christine Landry

Montan Inisyal Pri a: $ 698,893
Ogmantasyon: + 192,337
Montan Total Rekonpans lan: $ 891,230

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Wi
Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 24 Pwofesè Kowòt; 40 lidè pwofesè pa ane anplis de devlopman siplemantè; kòlèg ke pwofesè sa yo ap sipòte; elèv tout pwofesè sa yo ki benefisye de nouvo konperans / konesans ki resevwa grasa devlopman pwofesyonèl.
Sit: Nan Tout Distri a

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Doktè Hannah Sevian, University of Massachusetts, Boston; Depatman Chimi.

## Deskripsyon Sibvansyon

Pwojè "Ede pwofesè chimi yo pou evalye ak ankouraje refleksyon sou chimi" se Faz II nan yon pi gwo pwogram NSF finanse sou yon pwogresyon aprantisaj ki etidye refleksyon elèv yo sou chimi. Objektif Faz II pwojè sa a se 1) konstwi yon modèl devlopman pwofesyonèl de baz epi se pwofesè yo k ap derije l pou pwofesè chimi ki nan kolèj ak nan lise yo, ak 2) etidye itilizasyon pwofesè yo sou evalyasyon fòmatif ak deba nan salklas pandan y ap anseye nosyon chimi yo, pou ede yo fè ansèyman yo vin pi efikas e pwodiktif.

## Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

**Manm Pèsonèl Siperyè:** ~77% pou salè/fringe pou Kowòdonatè Prensipal Pwojè Syantifik 1FTE ak alokasyon pou pwofesè-chèchè
**Vwayaj:** ~1% pou moun yo prezante rezilta yo pandan rankont / konferans yo
**Frè patisipan an:** ~19% pou alokasyon, materyèl saldeklas, atelye, elatriye.
**Distri Endirèk:** ~3% endirèk nan distri a

## Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

*Objektif santral pwojè sa a se pou devlope ak etidye yon apwòch pou transfere ansèyman chimi an atravè angajman nan evalyasyon fòmatif ki reyoryante atansyon pwofesè yo, entèpretasyon, ak aksyon anvè devlopman refleksyon chimik siyifikatif pou elèv yo. Nan fen sibvansyon an, estrateji sa yo pral devlope epi reyalize nan kou kontni syantifik lekòl segondè ak lekòl twazyèm sik yo.*

**Objectif #1:** Nan fen ane 3 a, Ekip Pwofesè/Chèchè a pral devlope yon evalyasyon fòmatif pou chak "inite" chimi epi aprann sou sisite, entèprete ak reponn refleksyon chimik elèv yo yon fason pou ogmante pèfòmans elèv yo omwen 10% sou evalyasyon somatif kontni ki enpòtan an.

**Endikatè**: nouvo evalyasyon fòmatif, evalyasyon somatif

**Objektif #2:** Nan fen sibvansyon an (Ane 4/5), tout pwofesè syans yo nan BPS nan lekòl segondè ak nan lekòl twazyèm sik yo pral reyalize pi bon pratik evalyasyon fòmatif pou domèn kontni yo, pou ranfòse konpreyansyon elèv la ak pratik fòmatif saldeklas la, jan sa enfòme pa etid rechèch sa a. Rezilta rechèch yo te jwenn apati (ak lòt etid ki lye yo) pral enfòme pi bon pratik, jan sa mezire pa done sou rezilta elèv la (evalyasyon fòmatif ak somatif, MCAS, kote sa apwopriye).

**Endikatè**: Rezilta Rechèch yo, pwogram syantifik BPS la, evalyasyon ak materyèl pedagojik.

**FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22611**

Non Sibvansyon: Sibvansyon pou Restriktirasyon Lekòl - Ellis

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: mercredi 1 septembre 2021- mercredi 31 août 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: Michael Seymour
75 Pleasant St. Malden, MA 02148
781-338-3514
Imèl: mseymour@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Biwo Redrèsman ak Transfòmasyon

Jesyonè Fon BPS: Ijeoma Anyanwu, Direktè

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Eva Mitchell, Chèf Responsablite

Montan Anyèl Pri a: $218,261.00

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): $935,537

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 457 elèv

Sit: David A Ellis Elementary

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: bu

## Deskripsyon Sibvansyon

Sibvansyon pou Restriktirasyon Lekòl la se yon sibvansyon konkiransyèl ki finanse pa gouvènman federal la pou ede distri yo amelyore lekòl yo ki mwens pèfòman. Objektif global li se ede distri yo ak lekòl ki idantifye yo pou reponn ak bezwen elèv yo pandan y ap finanse estrateji amelyorasyon tankou devlopman pwofesyonèl pou edikatè yo, pwogram anrichisman akademik pou elèv, oswa entèvansyon sib. Sibvansyon an mande devlopman, mizannèv ak revizyon yon plan transfòmasyon ki mache ak Domèn Pratik Redrèsman Massachusetts la, ki gide apwòch la pou amelyorasyon rapid lekòl yo.

## Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~62% nan sibvansyon sa a pral itilize pou ajoute kapasite manm pèsonèl pou ranfòse akticite klimantik yo epi ogmante ankadreman pedagojik ki mete sou pye pa diferan lekòl sou alfabetizasyon ki ekitab
~17% pral konsakre yo nan devlopman pwofesyonèl toutotou Ankèt nan Matematik ak pwogram entèvansyon Matematik la pou fè fas ak pèt aprantisaj pandan pandemi an

~10% pral remèt pou ekip pwofesè yo pou dirije ak ranfòse kapasite lòt edikatè yo nan kilti ak kliman ak travay pedagojik ki lye ak priyorite lekòl la
~9% pral remèt bay konstriksyon founiti klèb yo, bibliyotèk angajman familyal ki lye ak priyorite transfòmasyon nou yo.
~2% pral itilize nan pousantaj endirèk distri a.

## **Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan**

**Objectif #1:**

Kwasans EAL MAP:

Chak klas pral atenn oswa depanse yon 50 Pousantaj Kwasans Kondisyonèl (CGP) nan dezyèm administrasyon konplè nan Lekti Kwasans MAP la, Metriz ELA MAP.

Elèv yo nan klas Y pral atenn oswa depase atant yo nan Rekonesans Fonik/Mo jan sa mezire a pa Metriz MAP nan Fen Ane a.

**Objektif #2:**

Matematik MAP:
Chak klas pral atenn oswa depanse yon 50 Pousantaj Kwasans Kondisyonèl (CGP) nan dezyèm administrasyon konplè nan Lekti Kwasans MAP la

**Objectif # 3:**

Absans Kwonik: Pousantaj elèv ki absans plis pase 10% jou nan adezyon an.

CRIOP Pilye IV: Endikatè chwa pou Lekòl IF yo

Nòt mwayèn nan tout lekòl la pou sèten endikatè pilye IV nan CRIOP yo

## FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22492

Non Sibvansyon: Fon Pilòt pou Timoun yo

Estati: Ogmantasyon Sibvansyon

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: mardi 1 octobre 2019- vendredi 30 juin 2023

Sous Finansman: Fon Pilòt nan Vil Boston an

Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: Non Kontak la: John Riordan
Direktè Relasyon Kominotè ak Patenarya
Biwo Sante Kominotè | Biwo Relasyon Gouvènman
Boston Children's Hospital
401 Park Drive, 6th Floor, Boston, MA 02115
Imèl: john.riordan@childrens.harvard.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sante ak Byennèt

Jesyonè Fon BPS: Ali Ettis, Direksyon Adjwen Operasyon yo, Biwo Sante ak Byennèt

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jill Carter, Direktè Jeneral Prensipal, Biwo Sante ak Byennèt

Montan Anyèl Pri a: $175,000

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): $1,400,885

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 57 000

Sit: Nan Tout Distri a

### Deskripsyon Sibvansyon

Biwo Sante ak Byennèt Lekòl Piblik Boston yo (BPS) itilize fon PILÒT Children Hospital Boston yo pou soutni ak ranfòse aktyèl efò pou aktivman ankouraje sante ak byennèt tout elèv BPS yo pou fè avanse alafwa devlopman ki sen ak preparasyon pou aprann. Fon PILÒT yo nan Children Hospital Boston pral pèmèt BPS soutni enfrastrikti kle ak sèvis Biwo Sante ak Byennèt malgre bidjè ki koupe ak pèt finansman sibvansyon nan dènye ane yo. Fon PILÒT pral antyèman finanse yon pozisyon anplwaye (1,0 FTE Kowòdonatè Sipò Konsèy Byennèt la, 0.4 Jesyon Done ak Evalyasyon) epi pral kontribye nan mentni manm pèsonèl atanplen (kowòdonatè Pwojè ak/oswa Kowòdonatè PA).

### Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~ 66% Salè
~19% Avantaj sosyal pou salè
~6% Alokasyon Wellness Champion
~6% Sèvis sou Kontra
~2.73% Frè Endirèk

## Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

**Objectif #1:** Disi Jen 2023, tout 125 lekòl BPS yo pral genyen yon konsèy byennèt fonksyonèl, yon Plan Daksyon Byennèt an plas epi demontre yon ogmantaston nan mizannèv Politik Byennèt BPS la, ki ankouraje yon anviwònman lekòl ki plis sen pou elèv yo.

**Endikatè:**

- Plan Daksyon Byennèt ki Soumèt
- % lekòl k ap reyalize ywit konpozan nan Politik Byennèt yo jan sa mezire pa sèten mezi ki mansyone nan Rapò Byennèt Lekòl la

**Objektif #2:** Disi Septanm 2023, kantite lekòl k ap bay yon pwogram aktivite fizik konplè de wot kalite ki konfòm ak Politik Byennèt BPS la pral ogmante pa 15%. Sa pral akonpli pandan y ap ranfòse sipò lekòl yo epi pwofite de patenarya yo.

**Endikatè yo:**

- % nan lekòl ki konfòm ak # minit PE/PA ki ofri bay elèv yo
- % nan lekòl k ap resevwa devlopman pwofesyonèl, ankadreman pedagojik ak yon asistans teknik
- % lekòl ki genyen youn oswa plis patnè PA

% lekòl k ap reyalize evalyasyon kondisyon fizik

**FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22651**

Non Sibvansyon: Sibvansyon BOKS

Estati: Kontini

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Septanm 2021 - 30 Jen 2022

Sous Finansman: Prive

Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: Christene Lyons, Direktè, Operasyon Pwogram | Shea Pease, Espesyalis nan Rejyon Nòdès la
25 Drydock Ave. | Boston, MA 02210 |508-479-0090
Imèl: christene.lyons@bokskids.org | Shea.Pease@bokskids.org

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): 33 Lekòl BPS pral resevwa yon sibvansyon nan yon montan $2,000.00 yo chak

Jesyonèl Pwogram BPS Ali Ettis, Direktè Adjwen Operasyon

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jill Carter, Direktè Jeneral Prensipal, Biwo Sante ak Byennèt

Montan Anyèl Pri a $66,000

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi:

Sit:

1. Lilla G. Frederick Middle School
2. John D Philbrick
3. John Winthrop
4. Mather Elementary
5. Pauline Agassiz Shaw Elementary School
6. Boston Green Academy Horace Mann Charter School
7. Mozart
8. Baldwin Early Learning Pilot Academy
9. John F. Kennedy School -Boston
10. West Zone Early Learning Center-AM
11. Henry Grew
12. Thomas J. Kenny K-6 Elementary School
13. James Otis School
14. Paul A Dever
15. Edison K-8
16. Josiah Quincy
17. Beethoven
18. Charles Sumner Elementary School
19. Samuel W Mason School
20. Roger Clap Elementary School
21. Nathan Hale School-MA
22. James W Hennigan
23. Higginson/Lewis K-8
24. John W McCormack Middle School
25. Excel High School
26. Dr. Catherine Ellison-Rosa Parks Early Ed School
27. Donald McKay K-8 School
28. Franklin D Roosevelt UPPER
29. Boston Teachers Union School
30. Boston English High School
31. William McKinley South End Academy
32. George H Conley Elementary School
33. Snowden International School at Copley

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Pa aplikab

## Deskripsyon Sibvansyon

BOKS se yon pwogram aktivite fizik ki pèmèt kominote lekòl yo amelyore byennèt fizik, mantal, ak byennèt sosyal timoun yo atravè pouvwa mouvman an. Li soutni pa syans, BOKS bay chak kominote lekòl pwogram etid ki solid, fòmasyon, ak sipò kontini pou etabli pwogram ki fè enpak sou sèvis ansanm timoun yo. Nan yon efò pou konble lakin ki genyen nan kondisyon fizik la, pwogram BOKS la 100 pousan gratis pou lekòl yo pou timoun yo ka genyen aksè nan divès opòtinite sante ak byennèt nan espò ak kondisyon fizik kèlkeswa revni yo.

## Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~100% don yo pral remèt bay 33 lekòl ki egzekite pwogram sante ak byennèt ki apwouve pa chak lekòl.

## Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

*Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantre sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.*

**EGZANP:**
**Objectif #1:** Bay finansman ak lekòl ki mansyone yo pou itilize pwogram etid gratis BOKS la pou elèv yo ka genyen opòtinite pou rete aktif epi an sante.

**Endikatè:** Lekòl yo finanse avèk don epi egzekite pwogram lan nan SY 21-22 ki apwouve pa BOKS/BPS.

**Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)**

- ELAJI OPÒTINITE - Finansman jis ak ekitab ak anviwónman akeyan Don sa a bay elèv yo aksè nan aktivite fizik ak jwèt. Pwogram sa a pral bay finansman pou lekòl yo itilize pwogram etid gratis BOKS la pou elèv yo ka genyen opòtinite pou rete aktif epi an sante nan metòd ki fonksyone pi byen pou aktyèl anviwònman edikatif yo.
- AKTIVITE PATENARYA - Elaji aprantisaj odela de sal klas la epi konekte kominote a ak sal klas la. BOKS rekonèt defi patnè distri yo ap fè fas ak yo epi li espere ke sibvansyon lekòl sa yo ka ede sipòte angajman Lekòl Piblik Boston yo pou kenbe elèv yo an sekirite epi an sante pandan moman sa a.

**FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22328**

Non Sibvansyon: Sosyete Fòmasyon pou Ofisye Rezèv Jinyò (JROTC)

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Jiyè 2022 – 30 Jiyè 2022

Sous Finansman: Federal

Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: Kontakte: Lame Lè - Robert Leveille
Adrès: Holm Ctr/SDFA, 551 E Maxwell AFB, AL 36112-6106
Telefòn: (334) 653-4249
Imèl: robert.leveille.1@us.ar.mil

Kontakte: Lame - CC JROTC (ATCC-J-10) HQ Kòmannman Kadè nan Lame Ameriken
Adrès: 1307 Third Av, Fort Knox, KY, 40121
Telefòn: 1-800-347-6641

Non Kontak la: Marines - DFAS CLEVELAND
Adrès: 1240 East Ninth Street, Cleveland, OH 044199, Room 2583, Attn: MCJROTC
Telefòn: 703-784-4249

Kontakte: Navy - NSTC, NJROTC KÒD PWOGRAM CD211
Adrès: 250 Dallas Street, Suite A, Pensacola, Fl, 32508-5268
Telefòn: 850-452-9495

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Finans

Jesyonè Fon BPS: Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Nathan Kuder, Direktè Finansye ki an Sèvis

Montan Anyèl Pri a 811 632$

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): $

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 15 pwofesè

Sit: East Boston HS, English HS, Community Academy of Science and Health, South Boston – Excel High School, Madison Park High School, O'Bryan School of Math and Science

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Depatman Defans Etazini an

**Deskripsyon Sibvansyon**

Junior Reserve Officer Corp (JROTC) se yon pwogram federal ki fèt pou anseye elèv lekòl segondè yo enpotans sitwayènte, lidèchip, sèvis pou responsablite pèsonèl Etazini., epi pou yo santi yo reyisi pandan y ap fè yo kwè nan tèt yo, pou yo travay ann ekip ak disipline tèt yo. Gouvènman federal la pral ranbouse 1/2 nan salè pwofesè ROTC yo

## Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

100% nan sibvansyon an sèvi pou finanse salè enstriktè Lame Lè yo, Lame, Marin, ak Navy JROTC.

## Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

**Objectif #1:** JROTC pral anseye elèv yo edikasyon pou karaktè, byennèt, lidèchip, ak divèsite pandan y ap akouraje yon anviwònman aprantisaj ki plis konstriktif. Disi Jen, majorite elèv yo pral ogmante prezans yo, diminye referans nan disiplin eskolè yo epi pral ogmante GPA parapò ak rannman anvan pwogram nan.

**Endikatè:** Dosye prezans, dosye disiplinè, ak dosye GPA yo.

**FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA**

Non Sibvansyon: **Sibvansyon Èd Sible FY22 (Targeted Assistance Grant, TAG**)

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Federal

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: **01/07/2021- 31/08/2021**

Sous Finansman: Eta/Federal/Prive/Lokal (Vil) sa ta dwe yon **Eta** wo nivo

Kontak Moun k ap Fè Sibvansyon an: **Abigail T. Slayton**

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906

Telefòn moun k'ap ede a: **(781) 338-3517**

Imel moun k ap ede a: **Abigail.T.Slayton@mass.gov**

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): **Biwo Transfòmasyon Lekòl la**

Jesyonèl Pwogram BPS **Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn**

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: **Yvonne Macrae, Direktè Sibvansyon ak Fon Ekstèn**

Montan Anyèl Pri a **900 000$**

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): $ **N/A**

Opsyon pou Repò a: **Pa Aplikab**

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 14 000

Sit: 33

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Konsòsyòm pou Atenn Ekselans Nan Edikasyon ak Voyager Sopris pou ofri Aprantisaj pwofesyonèl nan Literasi; pou idantifye patnè adisyonèl yo baze sou evalyasyon bezwen ak RFP (Apèl d Òf) yo.

**Deskripsyon Sibvansyon:**

Distri ki gen youn oubyen plis lekòl yo idantifye nan Sistèm Responsabilite Distri ak Lekòl Massachusetts yo pou yon sipò santre/sible epi ki laj/konplè kalifye pou opòtinite sibvansyon sa.[1] Genyen de kategori Sibvansyon Èd Sible (Target Assistance Grant, TAG) lekòl yo kalifye ladan yo: Sibvansyon Mizan-èv ak Sibvansyon Pèfòmans Gwoup Etidyan yo Inikman. Plis esplikasyon sou kategori yo nan paj 2.

---

[1] Yon lis konplè distri elijib yo, alokasyon sibvansyon distri yo pa sous finansman, ak lekòl yo elijib pou itilize finansman TAG nan ***Sibvansyon Asistans Sible:*** Dokiman sou ***Alokasyon Distri*** yo atache nan seksyon Enfòmasyon Adisyonèl TAG RFP a.

Aktivite ki finanse pa sibvansyon distri yo ak lekòl yo angaje ladan yo ta dwe soutni mizan-èv plan amelyorasyon dirab yo. Distri yo ankouraje pou alinye estratejikman depans TAG yo avèk lòt sous finansman kle yo (egz., SOA, ESSER, lòt finansman federal Tit la).

**Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye :**

- Sèvis Kontraktyèl
    - Konsiltasyon avèk òganizasyon ekstèn pou devlope ak founi yon PD oubyen Kotchin.
    - Devlopman Pwofesyonèl
    - Sèvis Kontraktyèl yo pou Estrateji Distri yo jan yo dekri nan TAG Narrative
- Founiti ak Materyèl
    - Materyèl ak Tèks Pedagojik pou lekòl yo
    - Materyèl ak founiti pou evènman ak angajman fanmi
    - Tèks Aprantisaj pou Adilt
- Ekipman
    - Chromecart
- Alokasyon
    - Devlopman Pwofesyonèl pou Pwofesè yo/Parapwofesyonèl yo (Lòt manm pèsonèl lekòl la kapab enkli)
    - Tan Planifikasyon Etandi, Planifiksyon Leson ets, Reyinyon Ekip nan Nivo Klas yo, Angajman Fanmi, SST, reyinyon Ekip Klima
    - Lidèchip Ekip la enkli Alokasyon ILT yo
    - Kowòdonatè Plan Transfòmasyon yo
    - Alokasyon pou Estrateji Distri yo

**Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan**

**Objectif #1:** Konstui yon kilti reyisit akademik nan founi elèv yo ansèyman konplè wo kalite, kiltirèlman responsab.

**Endikatè:** Nòt Obsèvasyonèl Mwayèn sou Endikatè Pillar IV CRIOP (Pwotokòl Obsèvasyon Pedagojik Kiltirèl)

**Objektif #2:** Kwasans Akselere Elèv nan Literasi Prekòs

**Endikatè**: Elèv yo ki atenn oswa depase atant yo nan Rekonesans Fonetik/Mo jan sa mezire a pa Metriz MAP nan Fen Ane a.

**Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman Angajman Vizyon Estratejik 20/25 ak Priyorite Distri a(yo). Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)**

Sa soutni travay Transfòmasyon Lekòl la ki esansyèl pou reyalizasyon Priyorite 1: Elimine Eka Opòtinite ak Reyisit nan BPS, ak espesifikman1.9: Soutni Lekòl a Fèb Pèfòmans yo. Nou te alinye egalman rezilta Literasi nou an ak lòt Objektif Anyèl Mezirab ki te itilize pou Transfòmasyon sou Mezi Pwogrè yo nan plan estratejik la, ki enkli itilizasyon kwasans MAP/NWEA la.